Letter Writing - Bhojpuri
Translated & Dubbed by- Ashish Mall
Contact: 9769588277
E-mail: ashiiishmall@gmail.com

आप लोगन के ई मौखिक अभ्यास में स्वागत बा जेमन पत्र- लेखन सीखावल जाई| आपके तीन ठो खिड़की दिखाई देई जौन कि लेटेक के तीन टाइप सेटिंग चरणों के अनुरूप हवे- स्रोत फ़ाइल अथवा source file के निर्माण, संचय द्वारा pdf के निर्माण, औरी देखे खातिर एगो pdf reader|
हम MAC OSX में उपलब्ध एगो मुफ्त एडिटर skim के इस्तेमाल करत बानी काहे कि ई रीडर संचय कई ले के बाद आधुनिकतम pdf फाइल के खोलेले| linux औरी windows के browsers में भी ई क्षमता उपलब्ध होला| त अब स्रोत फ़ाइल में ई देखल जा कि हर एक कमांड यानि आदेश का करेला|
पहिला आदेश ई कहेला कि ई पत्र डोकुमेंट क्लास के हवे| १२ एकर पाठ आकार यानी कि फॉण्ट साइज़ हवे| पत्र के पहिला घटक हवे "form address"| ई ईहाँ ए कोष्ठ्कन के बीच में मालूम होत बा| फलस्वरुप ई output फाइल के ऊपर दाई ओर के कोने में दिखाई देला| लगातार दू ठो slash टाइप कई ले से नयी पंक्ति के शुरुआत होला| अगर हम ईहाँ से ई दू slash के हटा देईं औरी pdfletex आदेश से संचय औरी संकलित करीं- त आप देख सकत बानी कि ई दूनो पंक्ति एक पंक्ति में बदल गईल बा| पहिले हम लेटेक के दू slash से कौनो पंक्ति के दू पंक्ति में तोडले के आदेश देहले रहलीं| अब reverse slash नाहीं बा त लेटेक के ई ना पता बा कि पंक्ति के तोड़े के बा| अब हम दू ठो slash के वापस रखत बानी, सुरक्षित कई के संकलित करत बानी| ई बात के समझल जा कि हर एक परिवर्तन के बाद संकलित कई ले से पहिले सुरक्षित कईल जरूरी बा|
अब ई देखल जा कि अगर हम खाली पता देईं त का होई| हम ईहाँ निशाँ बनाईब, पंक्ति के आखिर में जाईब, एके हटाइब, औरी सुरखित कई के संकलित करब| आप देख सकत बानी कि पता ईहाँ से गायब हों गईल बा|

ध्यान देवल जा कि आज के तारीख अमरीकी शैली में स्वचलित रूप से मालूम होला- महीना, दिन औरी फिर साल| ई slash date slash today आदेश की वजह से मिलेला| हमनी के स्वचलित तारीख के निर्माण के एगो खाली सूची के प्रयोग से रोक सकत बानी|..... सुरखित कई के संकलित कई ला पे तारीख गायब हों जाले| अगर हमके ईहाँ आपन खुद के तारीख डाले के हों जईसे कि ९ जुलाई २००७|.... सुरक्षित कई के संकलित करब|....औरी ऊ तारीख ईहाँ आ जाला| ई tutorial के पहिली बार निर्माण ईहे तारीख के भईल रहल| संकलित कई ले पे आप ई देखबै कि output फाइल में ई भारतीय शैली में दिखत बा| अब पता वापस रख देवल जा| अब फिर से संकलित कई ले पे डोकुमेंट अपने मूल स्थिति में वापस आ जाला|
signature आदेश के तर्क, पत्र के नीचे दिखाई पड़ेला| हमनीं के डोकु मेंट से शुरुआत करल जाला फिर पत्र से| भेजे वाले के पता पहिले आवेला| ई आउटपुट के ऊपर बाईं तरफ वाले कोने में दिखाई देला| हम ई पत्र श्री एन के सिन्हा के संबोधित करत बानी| 'slash opening' आदेश से पावे वाला के पता संबोधित होवेला| आप ई पहिले भी ध्यान देवल गईल होई कि सगरी लेटेक आदेश reverse slash से शुरू होला|

पत्र के मूल पाठ्य अब आवेला| लेटेक में एक नया अनुच्छेद यानी कि पैराग्राफ एगो खाली पंक्ति से शुरू होला, जइसन कि अब आप देखत बानी| हम ईहाँ आवत बानी| "we are" से शुरू होवे वाला वाक्य ईहाँ पे बा|अब एके अगली पंक्ति में ले जावल जा| हम ईहाँ पे एगो खाली पंक्ति छोड़ देहले बानी| हम एके सुरक्षित कई के संकलित करत बानी| हम देख सकत बानी कि ई नवके अन्नुछेद में चल गईल बा| नवका अन्नुछेद के साथे अब पत्र में दू ठो पन्ना हवे| अब ई देखल जा कि अगर हमनी के फॉण्ट साइज़ के १० ले घटा देवल जा त का हम पत्र के एक ही पन्ना में ला पावल जाई कि नाहीं| अब हम ई करब| सुरक्षित कई के संकलित करब| आप ई देख सकत बानी कि पूरा पत्र एक पन्ना पे आ गईल बा| अब फिर से फॉण्ट साइज़ १२ में रख देत बानी| औरी ई अन्नुछेद के भी हटा देब| सुरक्षित कई के संकलित करब| अब ठीक बा|
अब हम itemize पर्यायवरण के समझवाल चाहत बानी जौन कि begin औरी end itemize के जुड़वाँ आदेशन से निर्मित होला| पाठ्य के हर टुकड़ा जौन कि slash item से शुरू होला ऊ बुलेट के रूप में दिखाई देला| का ईहाँ बुलेट के जगह पे नंबर मिल सकेला?

ओकरे खातिर हमके बस itemize के enumerate से बदले के पड़ी| हम एके बदल देत बानी औरी सुरक्षित करत बानी| निसंदेह अक्सर सुरक्षित कईल एगो अच्छा आदत हवे| हम एके फिर से संकलित करत बानी| आप ई देख सकत बानी कि बुलेट कि जगह अब नंबर हवे|
समापन में हम "Yours sincerely" शामिल कई ले बानी जौन कि ईहाँ पे आवेला| हम पहिलहीं हस्ताक्षर के बारे में बतिया चुकल बानी| आखिर में cc आदेश के मदद से दूसरको प्राप्तकर्ता लोगन के ई पत्र पहुचावल जाई| हम पत्र के अंत 'end letter' आदेश से करब औरी डोकु मेंट ई आदेश के साथे पूरा हों जाला|
बे झिझक हों के आदेशन के संशोधित करल जा औरी उनके अभ्यास कईल जा| जब ले आप पूरी तरह से आश्वस्त ना हों जाईल जा तबले एक बार में खाली एक्कै ठो परिवर्तन कईल जा औरी तुरंते संकलित कई लेवल जा| हर बारी ई सुनिश्चित कई लेवल जा कि आप जौनो चीज़ कईले बानी ऊ ठीक बा कि नाहीं| हालांकि हम ई पत्र लेखन के MAC में सीखईले बानी लेकिन ईहे श्रोत फाइल सगरी लेटेक operating system में काम करी- linux औरी windows सहित| ईहाँ हम ए tutorial के ख़तम करत बानी| आप लोगन के धन्यवाद| कृपया आपन सुझाव kannan@iitb.ac.in पे भेजल जाये| अब हम आशीष, C-DEEP आई आई टी बॉम्बे की तरफ से आपसे अनुमति लेत बानी| धन्यवाद|